

KUMIRIRA IDI



Chidzidzo 4 cha Kubvumbi 27, 2024






**“Mosesi sezaakasimudza nyoka murenje,
saizozo Mjanakomana womunhu unofanira
kusimudzwa vo, kuti aninani unotenda
kwaari, ave novupenyu bgusingaperi”
(Johani 3:14, 15)**



Dhanieri naZvakazarurwa vanoziwisa nguva apo Satani aizoshandisa simba rezvematongerwe enyika nerechitendero kutambudza uye kuparadza vava vakamira vakasimba muidi.

Simba iri “rinowisira pasi zokwadi” (Dan. 8:12). Panguva iyoyo “Uamhe uavo uakacenjera uacaparadzwa, kuti uaidzwe, uanatswe, uaceneswe, kuşikira kuŋguva yokupedzisira; nokuti ŋguva yokupedzisira icigere kuşika.” (Dan. 11:35)

Munguva iyi - Nguva yeRima - idi rakapokanwa. Asi kwakanga kune vanhu vakauya vachidzivirira chokwadi, uye vakanga vachidisa kupa upenyu hwavo nokuda kwaro.



Idi riri kupokanwa:

- ➡ Nguva dzekutambudzwa.
- ➡ Kutendeka pakutambudzwa.

Kudzivirirwa kwechokwadi:

- ➡ Kugoverana Bhaibheri: Mawaridhenzi.
- ➡ Nyeredzi yevandudzo: John Wycliffe.
- ➡ Kusimbiswa nokutenda: John Hasi nevamwe.

**IDI RIRI
KUPOKANWA**

NGUVA DZEKUTAMBUDZWA

“Ucataura mashoko okumhura Wokumsoro-soro, ucaparadza vatšene, vuye ucatšaka mano okushandura nguva nemirairo; ibo vacaiswa mumavoko ake kušikira nguva imne nedzimne nguva, nehafu yenguva” (Danieri 7:25)

Nguva yekutambudzwa inoziviswa nenzira nhatu dzakasiyana

“nguva imne nedzimne nguva, nehafu yenguva” (Dan. 7:25; 12:7; Zva. 12:14)

Mazuva 1,260 (Zva. 11:3; 12:6)


Mwedzi 42 (Zva. 11:2; 13:5)

Mazwi “nguva imne” rinofanana nerokuti “gore,” ukuwo izwi “nedzimne nguva” akashandiswa naDhanieri sezvariri rinoreva kuti “nguva mbiri”.

$$\begin{array}{c} \text{Gore} \\ 1 \end{array} + \begin{array}{c} \text{Makore} \\ 2 \end{array} + \begin{array}{c} \text{gore} \\ 1/2 \end{array} = \begin{array}{c} \text{Makore} \\ 3 1/2 \end{array}$$

$$\begin{array}{c} \text{Mwedzi} \\ 12 \end{array} + \begin{array}{c} 24 \end{array} + \begin{array}{c} \text{Mwedzi} \\ 6 \end{array} = \begin{array}{c} \text{Mwedzi} \\ 42 \end{array}$$

$$\begin{array}{c} \text{Mwedzi} \\ 42 \end{array} \times \begin{array}{c} \text{Mazuva} \\ 30 \end{array} = \begin{array}{c} \text{Mazuva} \\ 1.260 \end{array}$$



Zvese munguva dzekare uye nhasi, kureba kwemwedzi kuri kwese kwese, mazuva makumi matatu:

$$\begin{array}{c} \text{Mwedzi} \\ 42 \end{array} \times \begin{array}{c} \text{Mazuva} \\ 30 \end{array} = \begin{array}{c} \text{Mazuva} \\ 1.260 \end{array}$$

Matauriro ese anoratidza nguva imwe chete: mazuva 1,260.


Pasi pemutemo we “zuva rimne nerimne rifananidze gore” (Ez. 4:6; Num. 14:34), iyi nhambo yechitambudzo inotora makore 1 260 enhoroondo.

NGUVA DZEKUTAMBUDZWA

“Ucataura mashoko okumhura Wokumsoro-soro, uaparadza vatšene, uye ucatšaka mano okushandura nguva nemirairo; iyo vacaiswa mumavoko ake kušikira nguva imne nedzimne nguva, nehafu yenguva” (Daniel 7:25)

Inguva ipi yehorondo iyo chitambudzo chamakore 1 260 chakaziviswa naDhanieri naZvakazarurwa chinofukidza?

Apo umambo gumi hwezvamatongerwe enyika hwakamuka kubva muRoma (ndudzi dzakavhozhokera umambo), humwe umambo hwaizoneka ndokupidigura hutatu hwoumambo hune gumi(Dn. 7:23-25).



Sezvaporofitwa, Mwari akagadzirira nzvimbo yekubatsira sangano rakatendeka: renje, kureva nzvimbo dzinogarwa vashoma (Zva. 12:6, 14).

Munguva dzakaomanechitambudzo, vatendi vakatendeka vakamira vakasimba mukudzivirira zvokwadi, vachipotera murudo nokutarisira kwaMwari(Mapis. 46:1-3).

Zvinosuruvarisa, vakawanda vaifanira kubhadhara kuvimbika kwavo neropa ravo.


Chechi yeRoma yakawana simba rezvematongerwo enyika apo marudzi matatu aigamuchira chiArian akakundwa: Heruli, Vandals ne Ostrogoths

Gore ra 538



Mutungamiriri wehondo yeFrance Berthier, pasi pemirairo yaNapoleon, anotapa Pope, zvichigumisa hukuru hweChechi yeRoma

Gore ra 1798



KUTENDEKA PAKUTAMBUDZWA

“Uadikanwa, ndakati ndicishingaira zikuru kukunyorera pamsoro pokuponeswa kwedu tose, ndakavona kuti ndinofanira kukunyorera, ndicikurairai kuti murwire kwazo kutenda kwakadeya kupiwa vatsene kampe” (Judasi 1:3)



Payakangwana simba rezvamatongerwe enyika, Chechi yeRoma yakatanga kushandisa simba rayo kurayira kuti munhu ari wose aite maererano nemirayiro yayo yechitendero, mizhinji yayo yakanga yatsveyamiswa.

Kuwedzera kune izvi kwaiva kuwedzera uori pakati pevatungamiriri vechitendero. Kutu adzivise vanhu vazhinji kupandukira simba rake, akatora kwavari chinhu chinokosha zvikurusa: Shoko raMwari.

Asi haana kukwanisa kuriparadza zvachose. Vakatendeka vakamuka avo, vachitungamirirwa nedzidziso dzeBhaibheri uye vachitevera zano raJudhasi, vakarwa zvakasimba kuti vadzivirire kutenda kwavo(Judasi 1:3).

Vasimbiswa nesimba reShoko, vakaparadzira dzidziso dzaro vasingatyi. Vasimbiswa nezvipikirwa zvakadai saZvakazarurwa 2:10 , vakaramba vakatendeka kusvikira parufu, vachiziva kuti vaizogamuchira korona youpenyu.



**KUDZIVIRIRWA
KWECHOKWADI**

KUGOVERANA BHAIBHERI: MAWARIDHENZI


"Zino Petro navaapostora vakapindura, vakati: 'Tinofanira kuterera Mjari kupfuvura vanhu' " (Mabasa 5:29)

Peter Waldo (1140-1218), muzvinabhizimisi akapfuma wokuFrance akasiya pfuma yake kuti aparidze Kristu, akatanga sangano re"Varombo veLyon," rinozivikanwa se"vaWaldenses." Pope Alexander III akabvuma mhiko yake yehurombo.

Nguva pfupi yapfuura, Francis weAssisi (1181-1226), uyo akaitawo mhiko yehurombo, yakagamuchirwa naPapa Innocent III, akatanga sangano reFrancisca.

Panguva iyoyo, Pope Lucius III akanga ashora vateveri vaPeter Waldo savapanduki. Zvisinei, vaFrancisca vakava mbiru yeChechi yeRoma ukuwo vaWaldenses vakatambudzwa kusvika vatsakatika. Ngenyi?

Nokuda kwekutendeka kwake. Vekutanga vaive vakatendeka kuna Pope, nepo vekupedzisira vaive vakatendeka kudzidziso dzeBhaibheri.



KUGOVERANA BHAIBHERI: MAWARIDHENZI

Chii chaizivikanwa nevaWaldenses?




Vakanga vari vokutanga kuita kuti Bhaibheri riwanike mumutauro wavo (kusvikira panguva iyoyo, raingowanika muchiLatin, chiGiriki kana kuti chiHebhuru).



Sezvo rakanga riri bhuku rinorambidzwa, vakarikopa mumapako, vachihwanda kubva kuvatendi vekereke ye Roman Catholic vakavakomba.



Nguva dzose vaitakura zvikamu zveBhaibheri izvo, panguva yakafanira, vaigoverana navamwe, zvichivapa tariro nekurudziro munaShe.



Vakachengeta chokwadi cheBhaibheri chavaiziva kwemazana emakore. Vaizivikanwa nekuvimbika kwavo uye kuzvipira.



Misha yose yakashandurwa kumaodzanyemba kweFrance uye kuchamhembe kweltari, Piedmont.



Mizhinji yemisha iyi yakaparadzwa nePapa, uye vagari vayo vakaurayiwa.

NYEREDZI YEVANDUDZO: JOHN WYCLIFFE

*"Asi gwara ravakarurama rakaita seciedza camambakwedza,
Cinoramba ciciwedzera kubginya kuşikira pamasikati makuru" (Zvirevo 4:18)*


John Wycliffe (1324-1384) akapa nguva yakawanda youpenyu hwake kuti ahandure Bhaibheri muChirungu. Chii chakaita kuti aite izvi? Zvikonzero zviviri: Kristu akanga amushandura kuburikidza neShoko; uye aida kugoverana rudo rwaKristu navamwe.

Uyo anodzidza Bhaibheri nemoyo wose, uye anozarura mwoyo wake kusimba reMweya Mutsvene, anoshandurwa(VaHeb. 4:12).

Chokwadi, izvi zvakaita kuti apesane neChechi yepamutemo. Nemhaka yohukama hwake nevakuru vakuru muEngland, John akanzvenga rufu pamaoko eChechi.

Muna 1428 zvisaririra zvomuvandudzi zvakapiswa, uye madota ake akakandirwa murwizi. Madota ake akapararira akava mucherechedzo wenhaka yake.

Chiedza chiduku chechokwadi chakabatidzwa naJohn Wycliffe chakasvika kuBohemia, uko John Hus akatora nhaka yake. Neiyi nzira, zvokwadi yakapinda munzira yayo kutozosvikira pamavambo evandudzo. Zuva rakanga rotanga kupenya.



KUSIMBISWA NOKUTENDA: JOHN HASI NEVAMWE

“UnoMnanakomana, unovupenyu; usinoMnanakomana waMhari, haanovupenyu” (1 Johani 5:12)

Pashure paJohn Wycliffe, vamwe vashanduki vakamuka:

Chii chakavapa ushingi hwokuita vandudzo dzavo ndokutarisana nezvinetso norufu?



John Huss
(1370-1415)



Jerome
(1360-1416)



Tyndale
(1494-1536)



Hugh Latimer
(1490-1555)



Vaitenda muzvipikirwa zvaKristu

Simba raKristu rakanga rakakwana kuti vakunde miedzo

Vakawana mufaro mukubatanidzwa mukutambura kwaKristu

Kuvimbika kwake kwaiva uchapupu hune simba kunyika

Vakatarisa mberi kwenguva yazvino, kunguva yemberi ine mbiri

Vaiziva kuti rufu muvengi akakundwa

Vakabatirira pazvipikirwa zveShoko raMwari

John Hus akaiswa mujeri uye pakupedzisira akapisirwa padanda. Ari mujeri akanyora kuti: “Mwari akandinzwira ngoni sei, uye akanditsigira nenzira inoshamisa sei.” Sezvo zvipikirwa zvaMwari zvakatsigira vanhu vake munguva yakapfuura, zvinotitsigira nhasi.

“Vose avo muzuva rakaipa iroro vaizoshumira Mwari vasingatyi maererano nezvinorairwa nehana, vachada ushingi, kusimba, neruzivo rwaMwari neshoko Rake; nokuti avo vari vechokwadi kuna Mwari vachatambudzwa, vavariro dzavo dzichashorwa, kuedza kwavo kukuru kududzirwa zvisizvo, uye mazita avo acharaswa seakaipa. Satani achashanda nesimba rake rose rinonyengera kupesvedzera mwoyo nokudzikatidza kunzwisisa. [...] Kusimba nekuchena kwekutenda kwevanhu vaMwari, uye nekusimba kwekutsunga kwavo kumuteerera, Satani achaedza zvakasimba kumutsa hashu dzeavo, kunyange vachizviti vakarurama, vanotsika mutemo waMwari. Zvinoda kuvimba kwakasimba, chinangwa chehugamba, kubatisisa kutenda kwakambopihwa kuvatsvene.” -Non Official Translation by Gift Mawoyo